



## wax naa ci sa ginnaaw ñenti kàddu, ñatti yoon, bu ñu ko nattoon ci li nga wax ci bis bi mu tollu ko

Jële nañu ci Juwayriya yaayu jullit ñi yal na ko Yàlla dollee gërëm mu ne: Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa génn ci moom ba mu jullee suba, fekk moo ngi ci jàkkaam ji, topp mu dellusi fekk mu toog, mu ne ko: "kon ba leegi yaa ngi ca na ma la bayyi woon?" Mu ne ko: waaw, Yonente bi ne ko: "wax naa ci sa ginnaaw ñenti kàddu, ñatti yoon, bu ñu ko nattoon ci li nga wax ci bis bi mu tollu ko: subhaanal Laahi wa bi hamdihi, hadada xalqihi, wa ridaa nafsih, wa sinata harsih, wa midaada kalimaatih".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa géne ci soxnaam Juwayriya yal na ko Yàlla dollee gërëm ci njëlbeenu bëccëg gi bi mu jullee suba, fekk moo ngi toog ci barabu julleem, topp mu dellusi ginnaaw bi bëccëg gi xaajee ci waxtuw yoor-yoor, fekk deñul di toog ca barabam ba, mu ne ko: Kon deñoo ca na ma la bàyyee woon? Mu ne ko: waaw, Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: Wax naa ci sa ginnaaw ñenti kàddu, ma baamtu ko ñatti yoon, bu ñu ko gam-gamle woon ci yool ak yi nga wax ci waxtu yi nga toog fii yépp kon mu not leen: Tudd naa sellug Yàlla gi ak ug setam ci gépp mánke-mánke ànd ak sant ko ndax moom la tagg wu rafet ñeel te mu ginde ci loolu, limub mbindeefam yi nga xam ne kenn manu leen a takk ku dul Yàlla, ak gërëmul boppam ci kem li koy gërëmloo ci ku Yàlla gërëm ci jaamam ñi te mbir la mom kenn du ko peeg, ak diisaayu Arasam ga nga xam ne moo gën a màgg ci mbindeef yi te gën ci a diis, ak bariwaayu ay kàddoom, kàdduy Yàlla deesu ko takk te du jeex; lii nag day làmboo ñatti xaaj yi; ay kàddoom tudd naa sellam gi dayoom du jeex, du caagine meloom, du caagine limam.

<https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5508>

